Washington State Department of Social & Health Services
Transforming lives

TOPPOTOM AK NDIMBËL ÑI AME JANGORO LAAGO

XAMLE NI GONE GI AM FUKKI AT (10) GI YELLOWATUL PAJ

Bis:

TURU KILIYAAN AK ADARES AM

TURU KI TAXAWAL KILIYAAN BI AK ADARES AM

RE: XAMLE NI GONE GI AM FUKKI AT (10) GI YELLOWATUL PAJ

Bu sa doom ame fukki at dootul mën a yello pajum DDA. Ngir sa doom mën a yello faju ci DDA, danga wor a ñaanaat mu mën a faju balaa muy am fukki at. Daño wor a saytuwaat ndaxam sa doom yelloona paj mi su fekke ne amna benn ci jangoro yi :

Feebaru Xel, Jangoro yengëtu, Epilepi, Otism, benen xeetu feebaru yuur mbaa Beneen jangoro bu nuroo ak Feebaru Xel.

Boole nañ ci *Alluwë Mboolem Kayitu Yi War* ngir xamal la li nga aajo ci saytuwal ndaxam yellonga paj mi.

Nan lay la koy ñanaate?

Jokkol ak ligeykatu DDA Intake and Eligibility lu mu neew 90 fan bala sa doom am fukki at ngir nga mën a ñaanat paj ak mboolem kayit yi ñuy ñaane. Mën ga def loolu ci kaw nga bind len mbaa ga woo len ci nimara bi ñu joxe ci suuf. Su booba, dinañ la yonni mboolem kayit yi nga aajo ngir nga ñaan ci paj mi. Mën ga itam jot ci kayitu ñaanukaay yi boo dugge ci sen sit enternet bi. https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Lan moo may si fekk su ma ñanaatul paj mi?

So ñanaatul kayitu ñaanukayu paj yi mbaa bo dellowul ñaan bi lu mu neew 60 fan balaa sa doom am fukki at, sa doom dootul mën a faju ci DDA ci fukkeelu at am. Su sa doom jote sarwisu paj ci DDA, sarwis boobu dafay dakk ci fukkelu at am.

Dakkal yello ci paj DDA du la jurël dara ci li ngay mën a bokk ci Porogaram Njangum woy Laago yi walla ci li nga yello ci SSI, du la yakkal itam ci jot ci sarwis DSHS yi nga mën a barkeelo, lu melni Medicaid, TANF, mbaa ndimbël ci wallu dundin.

Ngir Yall tontul ci l ulu gën a gaawe, waaye lu mu neew 90 fan balaa sa doom am fukki at. Su ñu baaxewul sa ay xibaar, da ñuy japp ne rek bëggtoo woyël liy tax sa doom mën a yello ci pajum DDA. Su kaayit pajum jangoro gone guy waaja am fukki at motul, sa doom lu muy mën a yello paju DDA ak jëfëndikoo sarwis am dafay dakk ci fukkeelu at am (10th).

Su feke ne am nga ay laaj mbaa bëgg a ñaan ay kaayitu, ngir Yalla jokkol ak:

TUR	NIMARA WOOTEKAY	ADAREES IIMEEL

Mën nga fekk ab kayit buy wone ay atte yellog (WAC 388-823) ci kaw nga laaj ko walla ci sen sit enternet bi https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Yi ñu ci booole: Alluwë Kayit Yi Ñu Laaj

Cc: Dosiye Kiliyaan
Ki ko taxawal ci yon

Required Documentation Table

XEETU JANGORO LAAGO BI	AT	SAYTUM JANGORO	AJI SAYTUKAT JI	YENEENI XIBAAR
Feebaru Xel	4 At ak lu ko ëpp	Feebaru Xel	Fajkatu Xel gu ñu Nangul, Daara Washington bu ñu Nangul Fajkatu Xel mbaa Fajkatu Xel beneen daara xamxamu xel bu the National Assoc. of School Psychologists bu ñu nangul	Xibaar yi mottyi jëm ci wallu Xel yi and ak poñi Xayma Xel bu Mott yi ëppu ñaari yoon as tuuti bi ñu laaj ak xayma mën a dundu ci mboolo te mu am ci ay poñ yi ëppu ñaari yoon as tuuti bi ñu laaj ñu defon ko ci 36 weer yi weesu yi.
Jangoro Yengtum Cër	4 At ak lu ko ëpp	Jangoro Yengtum Cër Jangoro Buy rey Cër Benn Wet bu dee ci Cër yi Jakkarlo Yi dee	Fajkatu gu ñu nangul	Lu jëm ci wallu jangoro gone yi amul ñetti (3) ak ay xibaar yi yombal ndimbalu aji tawat ki ci walla yengëtu ci dundu am bis bu nek tee mu fekk ci ñaari mbaa yeneeni fannu (jëfëndikoo wanak, sangu, lekk, solu, yengëtu, walla saxwaxtaan).
Epilepsi	4 At ak lu ko ëpp	Epilepsi walla Jangoro Yuur buy Xëmlo	Fajkatu Xel yi ñu nangul seeni xarañ	Saytu feebar bu aju ci li meson a dal aji feebar ki ak saytum yuur, deggël bu fajkat bi ak ki faj jangoro yuur deggël ne xëm bi dafay wëy mbaa muydikkat, ak xayma ndaxam gone gi mënna dundu ak nit yi birëlna ne am na lu bari lu ku dese, te loolu tollowaay am ëpp na ñaari yoon li yees ci li ñu laaj.
Feebaru Xelu (Ci DSM-IV-TR)	4 At ak lu ko ëpp	Feebaru Xelu Gone walla jangoro your gone Ci 299.00 ci DSM-IV-TR	Fajkatu Xel gu ñu Nangul, ab Fajkatu bu ñu nangul walla ARNP bu jokko ak santar bu jangoro xel,bisu xayma xamxam ak xel, mbaa ab kureelu taggatkatu yi, walla saxab Fajkatu Yuur gu ñu nangul, Fajkatu jangoro Xel mbaa ab Fajkatu Xale yi amee jangoro buy gallankoor seeni njang.	Xayma bu Mott ci DSM-IV-TR dajalena mboolem kiriteer saytum jangoro bi, liy firndel yeexay mbaa ñakk jag gone gi li jiitu muy am 3 att, ci fannu yi melni dundu ci mboolo, waxiin, waxtan mbaa poo bi and ak xel, xayma ngir xam ndaxam gone gi mënna dundu ak nit yi birëlna ne am na lu bari lu ku dese, te loolu tollowaay am ëpp na ñaari yoon li yees ci li ñu laaj
Feebaru Xelu Gone (Ci DSM-5)	4 At ak lu ko ëpp	Feebaru Xelu Gone 299.00 Ci DSM-5 mu and ak ay mettitu yi tollo ci 2 malla 3 ci ñaari kolon yi yepp	Fajkatu Xel gu ñu Nangul, ab Fajkatu bu ñu nangul walla ARNP bu jokko ak santar bu jangoro xel,bisu xayma xamxam ak xel, mbaa ab kureelu taggatkatu yi, walla saxab Fajkatu Yuur gu ñu nangul, Fajkatu jangoro Xel mbaa ab Fajkatu Xale yi amee jangoro buy gallankoor seeni njang	Xayma bu Mott ci DSM-IV-TR dajalena mboolem kiriteer saytum jangoro bi, liy firndel yeexay mbaa ñakk jag gone gi li jiitu muy am 3 mu and ak ay mettitu yi tollo ci 2 malla 3 ci ñaari kolon yiy wone fu mettiwaybi mën a tollo, te itam xayma ngir xam ndaxam gone gi mënna dundu ak nit yi birëlna ne am na lu bari lu ku dese, te loolu tollowaay am ëpp na ñaari yoon li yees ci li ñu laaj, rax ci dolli FSIQ bu loolu tollowaay am ëpp na ñaari yoon li yees ci li ñu laaj – or – dejalena kiriteer Febaaru Xel 299.00 per DSM-IV bi yepp.
Beneen yeetu Feebaru Yur walla Beneen Jangoro bu nuroo ak Feebaru Xel	4 At ak lu ko ëpp	Feebaru Yuur mbaa feebaru koromosom bu mën a jurël gone gi a doyadi ci wallu xel ak nekkin.	Fajkatu gu ñu Nangul	Ay poñi Xayma Xel bu Mott yi ëppu1.5 ci as tuuti bu yees bi ñu laaj ak xayma mën am ci dundu ak mboolo te mu am ci ay poñ yi ëppu ñaari yoon as tuuti bi ñu laaj ñu defon ko ci 36 weer yi weesu yi.
Xibaar: Kayit bi dafay ginndi rek tee DDA mënna laaj yeneeni xibaar mbaa def yeneeni xayma. Dajale kayit yooyu moy lu njëkk su ñuy xam nda yelloonga paj mi. Yellog paj DDA ci WAC Chapter 388-823 la ñu koy attee.				